# “Судочье-Акпетки” мәмлекетлик буйыртпа резерваты шөлкемлестирилди

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2019-жыл 20-марттағы ПҚ-4247-санлы қарары менен Қарақалпақстан Республикасы Мойнақ районында айрықша экологиялық әҳмийетке ийе болған тәбийғый объектлер ҳәм комплекслерди, ҳайўанлардың сийрек ушырасатуғын түрлерин сақлап қалыў ҳәм оларды қайта тиклеў мақсетинде улыўма майданы 280 507 гектар болған мәмлекетлик тәбиятты қорғаў мәкемеси түриндеги “Судочье-Акпетки” мәмлекетлик буйыртпа резерваты шөлкемлестирилди.

Image not found or type unknown

Буйыртпа резерватының тийкарғы мақсети жағалаў ландшафтлары, каналлар, коллекторлар ҳәм олардағы суўдың ағымы, суўдың әтирапында жасаўшы қуслар, сийрек ушырасатуғын ҳәм жоқ болып кетиў қәўпи астында турған балықлар, жыртқыш қуслар ҳәм сүт емизиўшилерди сақлап қалыў, соның менен бирге оларды көбейтиўден ибарат.

**Аўдарма: ҚР Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети**